



Pou Piblikasyon Imedya: 06/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI NOUVO BIWO SANTE MANTAL 250 MILYON DOLA NAN BILDING LOPITAL LA NAN STATEN ISLAND**

***Aprè domaj gwo siklòn Sandy, Sant Psikyatrik South Beach la te rekonstui pou reziste kont siklòn ak inondasyon alavni***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ouvèti ofisyèl nouvo Biwo Sante Mantal nan bilding lopital la nan Sant Sikyatrik South Beach la (South Beach Psychiatric Center, SBPC) nan Staten Island. Nouvo estrikti 250 milyon dola a, ansanm ak modifikasyon ki fèt nan kanpis South Beach la, fèt pou reziste ak inondasyon ki te domaje SBPC a gravman pandan gwo Siklòn Sandy a.

"Nouvo bilding sa p ap sèlman ede New York bay meyè swen posib pou pasyan nou yo, men l ap sèvi tou kòm yon senbòl andirans nan rezistans eta nou an fas ak advèsite," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Nouvo bilding lan ak lòt amelyorasyon ki fèt yo ap pwoteje pasyan, anplwaye, ak enfrastrikti yo pi byen nan yon moman kote evènman klimatik ekstrèm yo vin nouvo nòmal la."

Nouvo bilding lan te yon atou presye ane pase lè yo te itilize l pou ede konbat vag COVID-19 la. Etablisman an te modifiye epi itilize pou bay swen medikal pou pasyan COVID yo apati avril 2020. Yon ti kras plis pase yon lane apre, yon total 1,022 pasyan te trete pou COVID-19, nan nouvo bilding lan.

**Doktè Ann Sullivan, ki se komisè Biwo Sante Mantal la (Office of Mental Health, OMH)**, te deklare, "Nouvo imèb nou an ap bay pasyan ak anplwaye yo yon etablisman modèn ki akeyan ki gen fonksyonalite ki demontre pou sipòte rekipèrasyon pasyan ak satisfaksyon pèsònèl la. Nouvo bilding lan ap amelyore tou anviwònman trètman an lè li santralize plas pou pwogram terapetik, entèraksyon sosyal, lwazi, fitnès ak edikasyon. Se yon investisman enteresan nan sante rezidan New York yo."

**Reuben R. McDaniel III, Direktè Egzekitif ak PDG Otorite Dòtwa Eta NY (Dormitory Authority of the State of NY)** te deklare, DASNY fyè pou fè patenarya ak OMH, pou kreye yon etablisman ki bay pi bon sèvis posib pou popilasyon ki pi vilnerab sa, epi pou nou fè sa nan yon estrikti ki fèt rezistan epi dirab sou plan anviwònman. Nan travay ak OMH pou jere konsepsyon ak konstriksyon South Beach la, n ap ouvri yon etablisman k ap sèvi Eta New York ak kominote Staten Island lan pandan deseni k ap vini yo."

**Senatè Eta NY Diane Savino** te deklare, "Nouvo etablisman modèn sa reyafime angajman Eta New York pou bay pi bon swen sante mantal posib pou rezidan nou yo epi li demontre detèminasyon nou pou abòde enpak chanjman klimatik la epi amelyore rezistans ak kapasite eta a pou bay sèvis esansyèl yo, menm nan sikonstans ki pi difisil yo. Anplis, epi sa ki pi enpòtan, bilding la ap bay pasyan yo kote ki sekirize pou resevwa trètman yo bezwen an."

**Manm Asanble Eta NY, Michael Cusick** te deklare, "Bèl etablisman modèn sa ap bay swen ak sèvis bon kalite pou pasyan toupatou nan vil la. Konsepsyon ki byen panse nouvo bilding sa maksimize sekirite ak byennèt pou pasyan ak pèsònèl la alafwa epi li pwofite de yon bèl plas."

Ou kapab gade yon videyo pwen fò desen ak achitekti nouvo bilding lan [isit la](#).

Nouvo bilding 230,000 pye kare, senk etaj la te konstui sou 20 pye pi wo pase nivo lanmè a pou evite inondasyon, ak tout itilite yo enstele a apeprè 30 pye pi wo pase nivo lanmè a kòm yon prekosyon siplemantè. Desen nouvo paking lan antre mezi pou diminye risk inondasyon epi yo te enstale nouvo sistèm drenaj yo nan tout kanpis la. Bilding lan ekolojik epi gen efikasite enèjetik; te konstui ak Twati Vèt pou refwadisman natirèl, diminyon risk dlo siklòn ak konfòmite ki dirab ak LEED.

Nouvo bilding lan amelyore efikasite operasyon lè li santralize anpil pwogram ak aktivite. Yon nouvo famasi ak sèvis koridò ki konekte ak Bilding Sèvis Santral yo ogmante efisyans nan distribisyon sèvis sipò yo.

Zòn inite biwo yo ouvri, sitiye nan nivo santral, epi genyen liy pou wè ki degaje toupatou. Konsepsyon an pèmèt sipèvizyon dirèk epi pèmèt anplwaye ak pasyan yo pou entèraji fasilman. Genyen konsiltasyon prive tou ak sal konsiltasyon ki sitiye sou inite a pou angajman terapetik endividyèl ak pèsònèl/kliyan an.

An menm tan, bilding lan fèt pou maksimize satisfaksyon pasyan ak pèsònèl la. Etid yo montre ke anviwònman fizik yon moun resevwa trètman jwe yon wòl enpòtan nan rezilta sante yo. Gwo fenèt yo bay limyè natirèl ak vi ki ekselan. Peyizaj la konpoze ak zèb, pye bwa, ak plant natirèl pou bay mentnans ki fasil ak varyasyon koulè sezonye yo.

Lòt zòn amelyorasyon yo enkli lobi prensipal la, ke yo te rann pi akeyan pandan li toujou bay sekirite ki apwopriye. Lakou a fasil pou moun ki andikape, ak yon pant pwogresif soti nan paking lan rive nan pòt devan yo pou li pa nesèsè pou gen ranp ak eskalye.

Nouvo bilding lan bay yon "pwomnad" ki gen espas pou yon salon, kafe ak zòn sosyalizasyon ak boutik objè okazyon, ansanm ak sal ak espas siplemantè pou pwogramasyon, aktivite ak vizit zanmi ak fanmi.

Nouvo bilding lopital la vini apre ouvèti yon nouvo Bilding Sèvis Santral 42 milyon dola an 2014, ki te ranplase enfrastrikti enpòtan ki te detui pa ond tanpèt ki soti nan Gwo Tanpèt Sandy a.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418